



YOUR LIFE
YOUR CARE
YOUR PEOPLE

Public Partnerships LLC

PO Box 310, Binghamton, NY 13902

Fax: 1-833-951-0828

Memorandòm Konpreyansyon

Non Konsomatè:

ID PPL:

(Prenon, siyati)

Non Reprezantan Deziyen (si sa aplikab):

ID PPL:

(Non, siyati)

Memorandòm Konpreyansyon (MOU) sa a se pou Pwogram Asistans Pèsonèl Dirije pa Konsomatè a (CDPAP). Se Depatman Sante New York (DOH) ki dirije CDPAP.

Pou patisipe nan CDPAP, yon konsomatè dwe konprann epi dakò avèk wòl e responsablite yo, epi wòl ak responsablite Public Partnerships LLC (PPL), entèmedyè fiskal nan tout eta a. Responsablite konsomatè a:

Konsomatè a, (ak Reprezantan Deziyen yo, si genyen youn) konprann epi dakò ke yo responsab pou bagay sa yo:

1. Travay ak Depatman Sèvis Sosyal Lokal yo (Biwo LDSS) oswa Òganizasyon Swen Jere (MCO) pou:
 - Devlope yon plan sèvis ki santre sou moun ak plan swen, epi
 - Mete ajou plan sèvis ki santre sou moun ak plan swen an omwen yon fwa pa ane oswa lè yon chanjman enpòtan nan sikonstans rive.
2. Swiv plan sèvis ki santre sou moun yo ak plan swen yo.
3. Kontakte Biwo LDSS yo oswa MCO yo si yo gen kesyon sou plan sèvis ki santre sou moun oswa plan swen an.
4. Disponib epi prezan pou nenpòt evalyasyon oswa vizit ki pwograme pa evalyatè endepandan an, pwofesyonèl medikal ki egzamine a, oswa manm pèsonèl biwo LDSS la.
5. Rekritman ak anbochaj ase PAS pou bezwen konsomatè yo.
6. Asire ke asistan pèsonèl (PA yo) konsomatè yo kalifye epi yo rete kalifye pou travay.



YOUR LIFE
YOUR CARE
YOUR PEOPLE

7. Fòmasyon PAS sou bezwen konsomatè yo.
8. Planifye ak sipèvize PA (yo) konsomatè yo.
9. Asire yon anviwònman lakay ki an sekirite pou konsomatè a resevwa sèvis yo.
10. Rete nan limit otorizasyon sèvis konsomatè a.
11. Kreye ak kenbe yon plan sipò, pou asire ke sèvis yo kontinye lè yon PA pa kapab travay orè yo.
12. Asire ke PA konsomatè a (yo):
 - Soumèt ak presizyon epi alè dokiman anrejistreman obligatwa bay PPL,
 - San danje epi kòrèkteman fè sèlman travay ki nan lis nan plan swen an,
 - Travay sèlman kantite èdtan otorizasyon sèvis la pèmèt, epi
 - Rapòte avèk presizyon e alè tan yo te travay atravè aplikasyon PPL Time4Care, TM oswa yon lòt metòd apwouve.
13. Swiv tout lwa travay.
14. Trete PAS konsomatè avèk jistis e onètman.
15. Mete fen nan travay yon PA, si sa nesèsè.
16. Di PPL si yon PA p ap travay ankò pou konsomatè a.
17. Di PPL ak Biwo LDSS oswa MCO nan 5 jou ouvrab nenpòt chanjman nan estati oswa kondisyon konsomatè a. Sa a gen ladan, men se pa sa sèlman:
 - Entène lopital,
 - Chanjman adrès ak nimewo telefòn, epi
 - Vwayaj andeyò eta, si konsomatè a pral resevwa sèvis andeyò eta.
18. Pa itilize sèvis CDPAP andeyò Etazini oswa teritwa l yo; oswa jan sa apwouve nan plan swen Konsomatè a.
19. Patisipe nan nenpòt evalyasyon obligatwa CDPAP pou asire ke konsomatè a rete elijib pou sèvis CDPAP.
20. Swiv tout lòt kondisyon CDPAP yo.

Responsablite Public Partnerships LLC (PPL):

Depatman Sante (DOH) te anboche PPL pou sèvi kòm sèl entèmedyè fiskal nan tout eta a pou CDPAP. Nan wòl sa a, PPL responsab pou bagay sa yo:

1. Ede konsomatè a nan bay konsèy sou règ CDPAP yo.
2. Sèvi kòm "anplwayè tou" nan PAS konsomatè a.



YOUR LIFE
YOUR CARE
YOUR PEOPLE

3. Emèt chèk peman pou PA konsomatè a (yo).
4. Retni taks obligatwa nan chèk peman PAS la
5. Asire ke yon PA fin ranpli tout dokiman enskripsyon ki nesèsè anvan yo kòmanse bay sèvis.
6. Founi PAS avèk avantaj ki gen ladan:
 - Asirans Sante,
 - Asirans Chomaj, ak
 - Asirans konpansasyon travayè.
7. Pwosesis demann verifikasyon salè, reklamasyon pou Konje Fanmi Peye, ak Lwa sou Konje Medikal pou Fanmi.
8. Siveyans konsomatè a (ak DR, si gen youn) pou asire ke yo kapab ranpli responsablite CDPAP yo.
9. Fè Biwo LDSS oswa MCO a konnen nenpòt sikonstans ki ka afekte kapasite konsomatè a (oswa DR, si genyen youn) pou ranpli responsablite CDPAP yo.
10. Asire ke tout sèvis ki bay yo satisfè bezwen kiltirèl ak lengwistik konsomatè a, DR la (si genyen youn), ak PAS la.
11. Bay fòmasyon pou konsomatè yo, DRS ak PAS.
12. Kenbe kopi dosye CDPAP ki gen ladan fòm enskripsyon, enfòmasyon ki nesèsè pou pewòl ak avantaj ak otorizasyon sèvis konsomatè.

Dwa pou mete fen nan MOU sa a:

MOU sa a pral fini si:

- Konsomatè a soti volontèman nan CDPAP,
- Konsomatè a pa kalifye ankò pou CDPAP, oswa
- Konsomatè a oswa Reprezantan Deziyen yo pa kapab ranpli responsablite CDPAP.

Dakò epi siyen:

Lè w siyen anba a, konsomatè a ak PPL dakò ke:

- Yo te li epi konprann tout MOU sa a.
- Yo dakò ak tèm ak responsablite yo diskite nan MOU sa a.



YOUR LIFE
YOUR CARE
YOUR PEOPLE

Siyati Konsomatè:

Non Konsomatè (tanpri enprime):

Siyati Reprezantan PPL:

Maria Perrin

Dat:
